

WE ARE YOUR DOL



Department
of Labor

BIWO TRAVO PIBLIK

Yon gid pou Anplwaye yo

Biwo Travo Piblik kouvri peman salè anvigè dapre Atik 8 ak 9 nan lwa Travay Eta New York.

Atik 8 aplike pou pwojè yo ki fèt pou yon ajans piblik (antite) pou:

- Konstriksyon
- Rekonstriksyon

Atik 9 aplike pou kontra sèvis bilding plis pase \$1,500 chak ane pou yon ajans piblik (antite) tankou:

- Anplwaye konsyèj ak ajan sekirite
- Deplasman mèm biwo oswa ekipman nan oswa tankou yon bilding
- Livrezon gaz fosil nan yon bilding

ÈDTAN

Yon salarye kap travay pou yon kontraktè oswa sou-kontraktè nan nenpòt pwojè travo piblik Atik 8 ka pa kapab travay èdtan sipleman tè sof si gen yon ijans ekstraòdinè.

Kontraktè a ansanm avèk Ajans kap bay kontra (Depatman Jiridiksyon an) ka mande Biwo Travo Piblik la pou otorize travayè yo travay èdtan sipleman tè oswa jou sou yon pwojè. Nenpòt travay ki fèt odela witèdtan pa jou, oswa plis pase senk jou nan yon semèn, se èdtan sipleman tè. Règleman spesyal sou èdtan sipleman tè pou chak metye oswa pwofesyon ka diferan. Sèl eksepsyon nan règleman sa kapab itilizasyon tarif nenpòt '4 Jou/10 èdtan' ki kapab figire nan barèm tarif anvigè ki atribye nan kontra.

Ou ka jwenn règleman ki gen rapò avèk èdtan sipleman tè ki figire nan barèm tarif anvigè pou pwojè travo piblik yo. Peryòd repo 20 minit oswa mwens konte kòm lè travay. Peryòd repo enkli poz kafe ak tan pou goute, men se pa repo pou manje.

SALÈ AK SIPLÈMAN

Salè ak sipleman yo peye oswa yo bay travayè yo dwe konfòme avèk barèm ajou tarif ki anvigè pou lokasyon travay la. Detèminasyon anyèl la parèt sou sit entènèt Depatman Travay nan: www.labor.ny.gov. Depatman Travay la pibliye barèm salè ki liste pousantaj debaz peman pou diferan kalite travay. Orè a dwe afiche sou tout sit djòb travo piblik yo.

Lalwa egzije ke kontraktè ak sou-kontraktè yo bay avi alekri pou tout travayè nan pousantaj tarif ki anvigè pou klasifikasyon djòb patikilye nan chak souch chèk. Si enfòmasyon ki nesese a pa ka ale nan souch chèk la, yo pral itilize yon fèy papye oswa atachman.

Sipèvizè yo kap travay avèk zouti dwe touche nan barèm pousantaj salè pou klasifikasyon travay ki fèt la. Lè yo sipèvizè travayè yo strikteman, sipèvizè oswa kontremèt yo pa kouvri anba Atik 8 oswa 9 nan egzijans tarif ki anvigè.

APRANTI

Yo pa ka peye travayè yo nan pousantaj apranti sof si yo fè pati nan yon pwogram ki anrejistre avèk Depatman travay nan Eta New York. Kantite apranti pou jounen travay nan nenpòt kalite atizana dwe koresponn a nimewo komès bilding lan jan Depatman Travay deklare l.

PLENT ANPLWAYE

Nenpòt anplwaye ka depoze yon plent pou peman yo manke peye pou nenpòt travay ki fèt sou yon pwojè travo piblik lè ou kontakte biwo distri apwopriye a. Yo dwe depoze yon plent nan lespas jiska dezan apati dat sa te rive. Anketè yo ap fè tout efò pou kenbe non moun kap pote plent lan prive.

Ou ka mande yon fòm plent atravè biwo distri a, oswa telechaje dosye a nan sit entènèt Depatman Travay la nan: www.labor.ny.gov.

KOU 10-ÈDTAN OSHA

Tout travayè nan pwojè travo piblik yo ki estime a omwen \$250,000 gen obligasyon pou pran kou sekirite konstriksyon sa a.

Depi yon moun fin konplete kou a, e yo gen kat kou yo, Eta New York pa egzije renouvèlman! Tanpri sonje Kontwolè nan Eta New York ka gen diferan obligasyon.

BIWO DISTRI BIWO TRAVO PIBLIK

BIWO SANTRAL

Bureau of Public Work
State Office Campus
Building 12, Room 130
Albany, NY 12226
Tel. **518-457-5589**

ALBANY

State Office Campus
Building 12, Room 134B
Albany, NY 12226
Tel. **518-457-2744**

BINGHAMTON

State Office Building
44 Hawley Street, Room 908
Binghamton, NY 13901
Tel. **607-721-8005**

BUFFALO

State Office Building
65 Court Street, Room 201
Buffalo, NY 14202
Tel. **716-847-7159**

GARDEN CITY

400 Oak Street, Suite 102
Garden City, NY 11530-6551
Tel. **516-228-3915**

NEWBURGH

The Maple Building
3 Washington Center, 4th Fl
Newburgh, NY 12550
Tel. **845-568-5287**

NEW YORK CITY

Adam Clayton Powell Jr.
State Office Building
163 W 125th Street, Room 1307
New York, NY 10027
Tel. **212-932-2419**

PATCHOGUE

160 S Ocean Avenue, 2nd Fl
Patchogue, NY 11772
Tel. **631-687-4882**

ROCHESTER

109 S Union Street, Room 312
Rochester, NY 14607
Tel. **585-258-4505**

SYRACUSE

333 E Washington Street
Room 419
Syracuse, NY 13202
Tel. **315-428-4056**
Faks **315-428-4671**

UTICA

State Office Building
207 Genesee Street, Room 603B
Utica, NY 13501
Tel. **315-793-2314**

WHITE PLAINS

120 Bloomingdale Road
Room 204
White Plains, NY 10605
Tel. **914-997-9507**